

MyACCESS.

Menm non an, men yon NOUVO pòtay.



Poukisa **MyACCESS**?

MyACCESS se yon fason ki tou senp pou aplike pou asistans gouvènman an e pou jere asistans sa a atravè Depatman pou Timoun ak Fanmi an. Nouvo pòtay MyACCESS la ranplase platfòm ki te la deja a epi se nouvo pòtay sou Entènèt kote rezidan Florid yo ka aplike pou asistans gouvènman an, kote yo ka renouvle asistans sa a e kote yo ka jere asistans sa a poukont yo. Li genyen bagay sa yo ladan l:

- **Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP):** Pwogram asistans alimentè a la pou ede moun yo ak fanmi yo ki bezwen achte manje ki bon pou sante yo.
- **Medicaid:** Pwogram Medicaid la bay yon asistans medikal pou moun yo ak fanmi yo ki bezwen èd pou peye pou sèvis ki nesèsè pou rezon medikal.
- **Temporary Assistance for Needy Families (TANF):** Pwogram asistans lajan kach tanporè a bay fi ki ansent nan twazyèm trimès yo ak fanmi ki gen timoun sou kont yo yon asistans finansye ki ede yo peye pou yon ti tan pou lwaye kay, pou bòdwo kouran ak dlo, e pou lòt depans ki fèt nan kay la.

Ki jan pou itilize **MyACCESS**

- Itilize yon òdinatè oswa yon aparèy mobil ki konekte ak Entènèt, etan ou lakay ou oswa nan yon etablisman piblik (p. eg. nan yon bibliyotèk piblik),
- Travay avèk yon patnè kominotè ki anrejistre ki ka ede w, oswa
- Vizite yon sant resous pou fanmi ki nan zòn ou an.

Kiyès ki ta dwe itilize **MyACCESS**

- Moun ki kalifye yo ki ta renmen jwenn plis enfòmasyon oswa aplike pou asistans gouvènman an
- Benefisyè yo ki deja genyen yon kont ACCESS
- Moun ki benefisyè deja yo ki ta renmen makonnen dosye yo ak kont MyACCESS yo a
- Prestatè sèvis yo ki ta renmen vin patnè kominotè anrejistre

Ki sa itilizatè yo kapab fè **MyACCESS**

- Detèmine si yo kalifye
- Anrejistre epi voye aplikasyon yo
- Aplike pou asistans gouvènman an epi renouvle l
- Tcheke sa k ap pase ak aplikasyon yo
- Voye dokiman verifikasyon yo sou fòma elektwonik
- Mande pou jwenn kominikasyon yo pa mwayen elektwonik epi resevwa avi yo sou Entènèt
- Jere enfòmasyon ki gen rapò ak dosye yo sou Entènèt
- Rapòte nenpòt chanjman tanporè ki gen rapò ak dosye a

Ki sa **MyACCESS** ofri:

Yon pwosesis ki fasil pou aplike



- **Aplikasyon ki fasil pou itilize:** MyACCESS itilize yon teknoloji ki modèn pou ede moun yo jere pwosesis aplikasyon an san pwoblèm, pou elimine obstak yo e pou ede benefisyè yo jwenn asistans gouvènman an sou Entènèt.
- **Pwen komen:** MyACCESS bay moun yo, fanmi yo ak patnè kominotè ki anrejistre yo yon sèl pwen aksè pou yo detèmine si yo kalifye, pou aplike e pou renouvle diferan kalite asistans gouvènman.

Yon mwayen ki fasil pou pataje enfòmasyon yo



- **Avi sou Entènèt:** Lè kliyan yo konekte dosye yo avèk yon kont MyACCESS, yo gen posiblite pou yo chwazi opsyon "Go Paperless", sètadi pou yo enskri pou resevwa notifikasyon yo sou fòm elektwonik kote yo ka jwenn yon imèl pèsònèl lè yo resevwa yon avi sou dosye yo.
- **Rapòte chanjman yo oswa renouvle asistans lan:** Benefisyè yo ka itilize kont MyACCESS yo a pou mete enfòmasyon dosye yo oswa enfòmasyon kliyan yo ajou, oswa pou mande yon renouvèlman pou asistans gouvènman yo resevwa a.

Yon eksperyans kliyan ki pi bon



- **Yon sèl kont:** MyACCESS pèmèt benefisyè yo jere asistans gouvènman yo a byen fasil sou yon sèl kont avèk ESS 24/7.
- **Konekte san pwoblèm :** Moun ki benefisyè deja yo e ki deja gen yon kont ACCESS kapab kreye yon nouvo kont MyACCESS byen fasil.
- **Enfòmasyon ki ajou sou dosye a:** Benefisyè yo kapab jwenn enfòmasyon sou dosye yo lè yo konekte sou kont MyACCESS yo a.
- **Jwenn yon modpas ki pèdi:** Benefisyè yo kapab itilize lyen "Forgot Your Password" pou yo jwenn modpas yo si yo pèdi l.

Lòt resous:



Sant apèl pou kliyan Florid yo
1.850.300.4323



Sitwèb MyACCESS:
MyACCESS.myflfamilies.com